Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (69 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (69 KB)

# Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı



**Ibragimova Zuxra A’metova**

## Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı – Hayal-qızlar komitetinin` baslıg`ı

| | |
|---|---|
| **Ma`nzil** | No`kis qalası G`a`rezsizlik ko`shesi 50-jay |
| **Telefon:** | 0 (361) 2220516 |
| **E-xat:** | z.ibragimova@exat.uz |
| **E-mail:** | info@sovminrk.gov.uz |
| **Qabıllaw ku`nleri:** | Sa`rshembi saat 10:00 - 12:00 |

**Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı – Hayal-qızlar komiteti baslıg`ının` fuktsiyalıq wazıypaları haqqında**

**REJE**

**1-bap. Ulıwma qag`ıydalar**

1. Usı Reje Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbsarı – Hayal-qızlar komiteti baslıg`ının` funktsiyalıq wazıypaların belgileydi.

2. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbsarı – Hayal-qızlar komitetinin` baslıg`ı Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` Baslıg`ı menen Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ına esap beredi.

3. Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı – Hayal-qızlar komitetinin` baslıg`ı (keyingi orınlarda Kompleks basshısı dep ataladı) o`z jumısında O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` Konstituttsiyaları ha`m nızamlarına, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` qararlarına ha`m basqa da hu`jjetlerine, O`zbekistan Respublikası Prezidentinin` pa`rmanlarına, qararları menen biyliklerine, Ministrler Kabinetinin` qararlarına ha`m biyliklerine, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` qararlarına ha`m basqa da hu`jjetlerine, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` qararları menen biyliklerine, sonday-aq, usı Rejege a`mel etedi.

4. Komleks baslıg`ı komplekstegi jumıslardın` talap da`rejesinde sho`lkemlestiriliwi ushın juwap beredi, tiyisli ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, sho`lkemler jumısının` muwapıqlastırılıwın ha`m qadag`alanıwın, Komplekstin` jumısına kiretug`ın ma`seleler boyınsha Ministler Ken`esine kirgizilgen usınıslar menen hu`jjetler joybarlarının` ha`r ta`repleme ko`rip shıg`ılıwın ta`miyinleydi.

5. Kompleks basshısının` jumısı hayal-qızlardın` huqıqları menen ma`plerin qorg`awg`a, olardın` ja`miyetlik-huqıqıy ha`m sotsiallıq-siyasiy belsendiligin arttırıwg`a, analıqtı ha`m balalıqtı qorg`awg`a, shan`araqlarda ja`miyetlik-ruwxıy ortalıqtı salamatlastırıwg`a, hayal-qızlardı jumısqa ornalastırıwg`a ha`m olardın` sotsiallıq ha`m miynet huqıqların ta`miyinlewge bag`darlang`an.

6. Kompleks basshısı statusına bola Qaraqalpaqstan Respublikası Hu`kimetinin` ag`zası bolıp tabıladı.

Kompleks basshısı Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrer Ken`esi ha`m onın` Prezidiumı ma`jilislerinde tikkeley qatnasadı.

**2-bab. Baslıq orınbasarının` wazıypaları ha`m funktsiyalıq minnetlemeleri**

7. To`mendegiler kompleks basshısının` tiykarg`ı wazıypaları bolıp tabıladı:

***a) hayal-qızlardın` huqıqları menen ma`plerin qorg`aw, olardın` ja`miyetlik-huqıqıy ha`m sotsiallıq-siyasiy belsendiligin arttırıw tarawında:***

*hayal-qızlardın` statusın, ruwxıy ha`m intellektuallıq potentsialın arttırıw, olardın` huqıqları menen ma`plerin qorg`awdı ta`miyinlew, shan`araqta ha`m ja`miyette huqıqıy ma`deniyattın` rolin arttırıw;*

*ma`mleketlik ha`m ja`miyetlik uyımlardı tarta otırıp, jas shan`araqlardı sotsiallıq qollap-quwatlaw, olar ushın mu`na`sip turmıslıq sharayatlar jaratıw tarawında kompleksli ilajlardı a`melge asırıw boyınsha sistemalı jumıslardı sho`lkemlestiriw;*

*hayal-qızlar ma`seleleri boyınsha normativlik-huqıqıy hu`jjetlerdin` joybarların islep shıg`ıwda, olardın` mazmun-ma`nisin ha`m a`hmiyetin u`git-na`siyatlawda ha`m tu`sindiriwde, olardın` orınlanıwı boyınsha ja`miyetlik qadag`alawdı jolg`a qoyıwda belsendi qatnasıw;*

*qızlardın` do`retiwshilik ha`m intelektuallıq potentsialın anıqlaw, rawjlandırıw ha`m xoshametlew, talantlı, qa`biletli qızlardın` rezervi menen sistemalı jumıslardı sho`lkemlestiriw maqsetinde Zul`fiya atındag`ı Ma`mleketlik sıylıg`ına talabanlardı tayarlaw sistemasın jetilistiriw, Zul`fiya atındag`ı Ma`mleketlik sıylıg`ı boyınsha aymaqlıq komissiyalardın` jumısın jetilistiriw ha`m muwapıqlastırıw;*

a`meliy jumıslarda ta`jiriybelerge iye bolg`an intalı qızlar arasınan kadrlar rezervin jetilistiriw ha`m tiyisli basqarıw lawazımlarına olardın` talabanlıg`ın usınıs etiw sistemasın jolg`a qoyıw;

hayal-qızlardın` ma`mleketlik emes kommertsiyalıq emes sho`lkemler jumısının` ashıq-aydınlıg`ın ta`miyinlew, olardın` elimizdin` ilimiy-siyasiy ha`m sotsiallıq-ekonomikalıq turmısındag`ı belsene qatnasına ko`meklesiw ha`m jumısın muwapıqlastırıw;

hayal-qızlar komitetleri ha`m puqaralıq ja`miyeti institutları, ma`mleketlik ha`kimiyat ha`m basqarıw uyımları arasında hayal-qızlardın` huqıqları menen ma`plerin, olardın` shan`araqların qorg`aw jumıslarında sotsiallıq sheriklikti ken`eytiw, hayal-qızlarg`a ma`nzili sotsiallıq ja`rdem beriw boyınsha jumıslardı sho`lkemlestiriw;

xalıqaralıq ha`m shet el sho`lkemleri menen o`z-ara paydalı baylanıslardı rawajlandırıw, ha`r qıylı joybarlardı a`melge asırıw ko`lemlerin ken`eytiw;

***b) analıqtı ha`m balalıqtı qorg`aw, shan`araqlarda sotsiallıq-ruwxıylıq ortalıqtı salamatlastırıw tarawında:***

analıqtı ha`m balalıqtı qorg`aw tarawındag`ı normativlik-huqıqıy hu`jjetlerdin` orınlanıwın ta`miyinlewde belsene qatnasıw, olardı jetilistiriw boyınsha usınıslar tayarlaw;

hayal-qızlardın`, ba`rinen burın, analar menen balalardın` densawlıg`ı qorg`alıwın ta`miyinlew, hayal-qızlar arasında salamat turmıs ortalıg`ın, turmıs ma`deniyatın jetilistiriw, olardın` reproduktivlik salamatlıg`ın bekkemlew, meditsinalıq ma`deniyatın arttırıw, patronaj sistemasın rawajlandırıw jumısların jetilistiriw;

shan`araqlıq ha`m hayal-qızlar sportın rawajlandırıw, olardı g`alaba en jaydırıw boyınsha ilajlar kompleksin islep shıg`ıw ha`m a`melge asırıw;

shan`araqlarda sotsiallıq-ruwxıy ortalıqtı salamatlandırıw, hayal-qızlardın` ha`m ja`miyette hu`rmetke ha`m u`lken abıroyg`a iye bolg`an kekselerdin` turmıslıq ta`jiriybesin belsene tarta otırıp, shan`araqlıq ajırasıwlardı saplastırıw boyınsha jumıslardı sho`lkemlestiriw, u`lgili shan`araqlardın` turmıslıq jetiskenligin u`git-na`siyatlaw;

shan`araqlıq qatnasıqlardı slamatlastırıw, shan`araq institutın bekkemlew, neke sha`rtnamalarının` o`zgeshelikleri menen sha`rtlerin, perzentler ta`rbiyası ushın ata-analardın` tikkeley juwapkershiligin, qızlardı shan`araqlıq turmısqa tayarlawg`a baylanıslı sistemalı u`git-na`siyat ilajların jolg`a qoyıw;

ma`ha`llelerde hayal-qızlar menen jaslardın` qatnasıwında ruwxıylıqtı arttırıw, olardı «g`alabalıq ma`deniyat»tın` unamsız ta`sirinen, milliy sana-sezimimizge ta`n bolmag`an diniy separatizm, ekstremizm ha`m terrorizm, adam sawdası ha`m basqa da jat ideyalardan qorg`aw;

ha`r ta`repleme kamalg`a kelip atırg`an jas a`wladtı watandı su`yiwshilik, ken`peyillik, erten`gi ku`nge isenim ha`m a`tirapımızda ju`z berip atırg`an ha`diyselerge unamsız ko`zqaras ruwxında ta`rbiyalaw, jaslardın` erkin du`n`yaqarasın, ku`shli ishki potentsialın, milliy maqtanısh sezimin ha`m a`dep-ikramlılıq-ruwxıylıq immunitetin jetilistiriw;

***v) hayal-qızlardı jumısqa ornalastırıw, olardın` sotsiallıq ha`m miynet huqıqların ta`miyinlew tarawında:***

ba`nlik bag`darlaması shen`berinde hayal-qızlardı, a`sirese, ka`sip-o`ner kolledjleri pitkeriwshilerin jumısqa ornalastırıwg`a ko`meklesiw, olardın` ba`nlik sapasın, turaqlı jumıs ornı menen ta`miyinlengenligi boyınsha a`meliy qadag`alawdı jolg`a qoyıw;

hayal qızlardın` miynet huqıqların qorg`aw boyınsha jumıslardın` jag`dayın u`yreniw ha`m qadag`alaw, ra`smiy emes jumıs penen ba`nt bolıwdın` aldın alıw, miynet qatnasıqları, sonın` ishinde, ha`miledar hayallar menen kishi jastag`ı balaları bolg`an hayallarg`a qosımsha jen`illikler beriwde ma`mleketlik ha`m ma`mleketlik emes sho`lkemlerdin` birge islesiwin jolg`a qoyıw;

isbilermenlik jumısı menen shug`ıllanıwdı qa`leytug`ın hayal-qızlardı ha`r ta`repleme qollap-quwatlaw, olarg`a jen`illikli kreditler ajıratıwg`a ko`meklesiw, berilgen jen`illiklerdi durıs qollanıw ma`selelerin ta`rtipke salatug`ın, ma`mleketlik dizimnen ha`m basqa da ta`rtip-qag`ıydalardan o`tiw, miynet qatnsıqlarına kirisiw boyınsha nızamshılıq hu`jjetleri boyınsha tu`sinik alıwda olarg`a ja`rdem beriw.

8. Kompleks basshısı o`zine ju`klengen wazıypalarg`a muwapıq to`mendegi funktsiyalardı a`melge asıradı:

O`zbekstan Respublikası Prezidenti Apparatının` tiyisli xızmetleri, Ministrler Kabineti ha`m Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi menen hayal-qızlarg`a baylanıslı ma`seleler boyınsha o`z-ara birge islesedi;

Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi Baslıg`ının` ha`m Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` tapsırmalarına muwapıq Qaraqalpaqstan Respublikasının` tiyisli aymaqlarında sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw, ekonomikalıq reformalardın` tiykarg`ı wazıypaları menen bag`darlamalarının` orınlanıwın muwapıqlastırıp baradı;

Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı – Hayal-qızlar komiteti baslıg`ının` sekratariyatına tikkeley basshılıq etedi;

juwapkershilik ju`klenetug`ın sho`lkemlerdin`, sonday-aq, aymaqlar menen basqa da sho`lkemlerdin` o`zi juwap beretug`ın ma`seleler boyınsha jumısın muwapıqlastıradı ha`m qadag`alaydı;

Kompleks quramına kiretug`ın sho`lkemlerdin` kadrların tan`law, ornı-ornına qoyıw, tayınlaw ha`m wazıypadan azat etiw boyınsha kompleksli

ilajlardı orınlawda respublikalıq ha`m oraylıq strukturalardın` basqarması menen birg islesedi;

O`z wa`killigi shen`berinde O`zbekstan Respublikası ha`m Qaraqalpaqstan Respublikası hu`kimet uyımlarında Ministrler Ken`esinen wa`killik etedi;

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı – Hayal-qızlar komiteti baslıg`ının` sekretariat baslıg`ı menen bas qa`nigesin qayta tayarlaw, olardın` mamanlıg`ın arttırıw, xoshametlew ja`ne olarg`a qarata ta`rtiplik jaza sharaların qollanıw haqqında Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ına usınıslar kirgizedi.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı – Hayal-qızlar komiteti baslıg`ının` sekretariyat baslıg`ı menen bas qa`nigesi lawazımına kadrlar rezervin jetilistiriw jumısların sistemalı tu`rde sho`lkemlestiredi.

9. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` ha`m Ministrler Ken`esi baslıg`ının` orınbasarı basshılıq etetug`ın komissiyalar (ken`esler) jumısın, sonday-aq, olardın` qararları orınlanıwın sho`lkemlestiriw boyınsha qadag`alawdı ta`miyinleydi.

**3-bap. Kompleks basshısının` huqıqları ha`m juwapkershiligi**

10. Kompleks basshısı o`zine ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardı orınlaw ushın to`mendegi huqıqlarg`a iye:

Ministrler Ken`esinde ko`rip shıg`ılatug`ın ma`selelerdi talqılaw ha`m tayarlaw ushın za`ru`r bolg`an materialllar menen mag`lıwmatlardı ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, jergilikli atqarıwshı ha`kimiyat uyımlarınan ha`m basqa da uyımlar menen sho`lkemlerden belgilengen ta`rtipte soraw ha`m alıw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, jergilikli atqarıwshı ha`kimiyat uyımları, basqa da uyımlar ha`m sho`lkemler basshıları menen wa`killerinin` qatnasıwında ma`jilisler o`tkeriw;

juwapkershilik ju`klengen ministrliklerdin`, ma`mleketlik komitetler menen vedomstvolardın`, ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları kollegiyalıq uyımlarının` ma`jilislerinde, sonday-aq, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi Baslıg`ının` ha`m Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` tapsırmaları boyınsha – ma`mleketlik basqarıw uyımlarının`, ma`mleketlik emes kommertsiyalıq emes sho`lkemlerdin` ha`m basqa da sho`lkemlerdin` Kompleks basqaratug`ın tarawg`a kiretug`ın ma`seleler boyınsha o`tkeriletug`ın ma`jilisleri menen jıynalıslarında qatnasıw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, ilimiy ma`kemeleler ha`m basqa da sho`lkemlerdin` basshıları menen wa`killerin Ministrler Ken`esinde ko`rip shıg`ılatug`ın ma`selelerdi islep shıg`ıw ushın belgilengen ta`rtipte tartıw, tiyisli ma`seleler boyınsha waqtınsha jumısshı toparlar du`ziw;

«Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi haqqında»g`ı Qaraqalpaqstan Respublikası nın` Nızam talapları buzılg`an jag`dayda tu`setug`ın hu`jjetlerdi qaytarıw.

Kompleks basshısının` za`ru`r materiallardı, mag`lıwmatlardı usınıw, sonday-aq, O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` nızamları, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` pa`rmanları, qararları ha`m biylikleri, Ministrler Kabinetinin` qararları ha`m basqa da hu`jjetleri, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` qararları ha`m basqa da hu`jjjetleri, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` qararları ha`m biylikleri joybarların puqta islep shıg`ıw boyınsha talapları menen tapsırmaları belgilengen mu`ddetlerde orınlanıwın ta`miyinlew ushın juwapker.

Kompleks basshısının` o`zi basqaratug`ın ma`seleler boyınsha ministrliklerdin`, ma`mleketlik komitetlerdin`, vedomstvolardın`, xojalıq birlespelerinin`, ka`rxanalardın` ha`m basqa da sho`lkemlerdin` basshılarına belgilengen tapsırmaları belgilengen ta`rtipte ha`m mu`ddetlerde orınlanwı ma`jbu`riy bolıp tabıladı.

11. Kompleks basshısı:

o`zine ju`klengen wazıypalardın` za`ru`r da`rejede ha`m sapalı orınlanıwı ushın;

O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikası nızamlarının`, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` qararları menen basqa da hu`jjetlerinin`, O`zbekistan Respublikası Prezidenti pa`rmanlarının`, qararlarının`, biylikleri menen tapsırmalarının`, Ministrler Kabineti, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi ha`m Ministrler Ken`esi basqarıw tapsırmalarının` hayal-qızlar ma`seleleri boyınsha kompleksinin` quramına kiretug`ın ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, sho`lkemler ta`repinen o`z waqtında ha`m sapalı orınlanıwın ta`miyinlew ushın;

Komplekske quramındag`ı tiyisli ministrlikler menen vedomstvolar ta`repinen Ministrler Kabinetinin` «Atqarıw ta`rtibin bekkemlew ilajları haqqında»g`ı 1999-jıl 12-yanvar`dag`ı 12-sanlı qararına muwapıq atqarıw ta`rtibinin` bekkemleniwi ushın jeke juwap beredi.

**4-bab. Kompleks basshısının` jumısın sho`lkemlestiriw**

12. Kompleks basshısının` isleri «Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi haqqında»g`ı Qaraqalpaqstan Respublikasının` Nızamına, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin`, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin`, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` ha`m Ministrler Ken`esinin` tapsırmalarına muwapıq, sonday-aq, Miistrler Ken`esinin` is rejeleri hayal-qızlar ma`seleleri kompleksinin` is rejesi tiykarında sho`lkemlestiriledi.

Komplekstin` is rejesi kompleks basshısı ta`repinen tastıyıqlanadı.

13. Kompleks basshısının` O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikası nızamlarının`, O`zbekstan Respublikası Prezidenti parmanlarının`, qararları menen biyliklerinin`, Hu`kimet qararlarının` juwapkershilik ju`klenetug`ın ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarında, sho`lkemlerde, jergilikli atqarıwshı ha`kimiyat uyımlarında a`melge asırılıwının` sistemalı monitoringin ta`miyinlew boyınsha jumısı Ministrler Ken`esinin` is rejesine, sonday-aq, Miistrler Ken`esi baslıg`ının` tapsırmalarına muwapıq kompleksli u`yreniwlerdi a`melge asırıw jolı menen, Ministrler Ken`esinin` (Prezidium) ma`jilislerinde hayal-qızlar ma`seleleri kompleksinin` esapların tın`lag`an halda sho`lkemlestiriledi.

**5-bap. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı – Hayal-qızlar komitetinin` baslıg`ı ta`repinen jumıslar sho`lkemlestiriletug`ın komissiyalar menen ken`esler:**

O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` 2004-jıl 25-maydag`ı «O`zbekistan hayal-qızlar komitetin qollap-quwatlawg`a baylanıslı qosımsha ilajlar haqqında»g`ı PP-3434-sanlı Pa`rmanın orınlaw ilajları bag`darlamasın a`melge asırıwdı muwapıqlastırıw boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikasında turaqlı jumıs alıp baratug`ın komissiya;

2014-2018-jıllarda O`zbekistanda xalıqtın` reproduktivlik salamatlıg`ın bekkemlew, analardın`, balalardın` ha`m jas o`spirimlerdin` densawlıg`ın qorg`aw bag`darındag`ı Ma`mleketlik bag`darlamanı Qaraqalpaqstan Respublikasında a`melge asırıw boyınsha komissiyası;

Zul`fiya atındag`ı ma`mleketlik sıylıqqa talabanlardı usınıw boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası komissiyası;

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi janındag`ı insanıylıq gumanitarlıq ja`rdem ko`rsetiw boyınsha komissiyasının` jumısların sho`lkemlestiredi.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*